

LEGENDHA PESANGGRAHAN PATIH DJOJODIGDO ING KUTHA BLITAR

(Tintingan Folklor)

Desinta Ningtyas, Dra. Sri Wahyu Widayati, M.Si

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
desin7790@gmail.com

Abstrak

Kutha Blitar mligine Kelurahan Kepanjenkidul nduweni sawijine crita prosa rakyat yaiku Legendha Pesanggrahan Patih Djojodigdo kacekak LPPD kang isih dingerteni lan dilestarekake dening masyarakat sakupenge. Crita LPPD iki minangka cikal bakal anane sawijine padesan yaiku Kelurahan Kepanjenkidul. Crita LPPD kasebut narik kawigaten kanggo diteliti amarga ngandhut sawijine perangan sejarah lan durung tau diteliti.

Underane panliten, yaiku: 1) Kepriye wujud teks LPPD; 2) Kepriye nilai folklor kang kinandhut sajrone LPPD; 3) Kepriye fungsi LPPD tumrap masyarakat panyengkuyunge; 5) Kepriye makna simbolis kang kinandhut sajrone LPPD. Tujuan panliten LPPD, yaiku: 1) Bisa nambah kawruh ngenani sastra saperangan lisan mligine crita prosa rakyat kang awujud legendha; 2) Njaga lan nguri-uri folklor kang ana ing Indonesia mligine ing Kutha Blitar; 3) Bisa kanggo nambahi kawruh marang guru lan siswa sing wigati marang sastra saperangan lisan; 4) Minangka wujud dhokumentasi, mligine tumrap masyarakat Kelurahan Kepanjenkidul ing babagan kabudayan Jawa supaya tansah dijaga kanthi becik.

LPPD ditintangi kanthi nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif kang nggoleki dhata kanthi jangkab, lan isine nggambarake panliten kanthi ringkes. Sumber dhata kang ana sajrone panliten LPPD iki kaperang dadi loro, yaiku sumber dhata *primer* lan *sekunder*. Sumber dhata *primer* yaiku para informan kang ngerteni crita LPPD, dene sumber dhata *sekunder* yaiku arupa gambar lan tulisan kang kacetak dadi buku. Dhata kang diklumpukake awujud tetembungan, ukara, wacana lan gambar. Panliten iki kalebu panliten folklor lan LPPD iki kalebu folklor saperangan lisan. Babagan nilai folklor kang kinandhut sajrone LPPD nggunakake teori konsep nilai budaya saka Djarmaris. Babagan fungsi nggunakake teori fungsi modhifikasi saka Malinowski, William R Bascom, lan Alan Dundes. Babagan makna nggunakake konsep makna simbolis saka Herusatoto lan Kuntowijoyo.

Asiling panliten iki nuduhake yen crita LPPD ngandhut sawijine perangan sejarah lan minangka cikal bakal anane Kelurahan Kepanjenkidul. Fungsi sajrone LPPD iki, yaiku : 1) Minangka papan kanggo ngalab berkah; 2) Minangka piranti pangesahan pranata-pranata; 3) Minangka piranti panggula wentah anak utawa para mudha; 4) Minangka piranti kanggo ngawasi supaya norma tansah dituruti; 5) Minangka piranti kanggo menahi sangsi sosial; 6) Minangka sarana kanggo menahi panglipur kang nyenengake.

Nilai budaya kang kinandhut sajrone LPPD, yaiku: 1) Nilai kapitayan percaya marang samubarang; 2) Tresna marang lingkungan; 3) Manungsa kudu ngajeni wong kang luwih tuwa; 4) Manungsa kudu nduweni sikap welas asih; 5) Manungsa kudu nduweni sikap tulung-tinulung; 6) Manungsa kudu nduweni sikap *cerdik*; 7) Manungsa kudu nduweni sikap nriman, lan 8) Piwulang Ta Pitu. Makna simbolis kang kinandhut sajrone LPPD iki yaiku saka anane ubarampe kang wajib cumepak kayata: ingkung, cok bakal, sega gurih. Makna simbolis kang minangka idhentitas dhaerah yaiku Pesanggrahan Patih Djojodigdo.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Legendha minangka salah sawijine kabudayan lokal kang isih ngrembaka ing tlatah Jawa. Legendha asipat *sekuler* utawa kadonyan, dumadine crita iku nyata anane lan dumunung ing papan panggenan kang kita kenal. Legendha kadang kala dideleng minangka sejarah kolektif (folk historis) kang ngalami owah-owahan

distorsi, saengga nduweni versi kang maneka warna (Danandjaja, 1984:66). Legendha

Sawijine wujud kabudayan lokal kang didadekake objek panliten yaiku legendha Pasanggrahan Patih Djojodigdo ing Dalan Melati Kelurahan Kepanjenkidul Kecamatan Kepanjenkidul Kutha Blitar. Cundhuk klawan andharan ing nduwur, tlatah Blitar kalebu dhaerah pesisir kidul kang dumunung ana ing Jawa Wetan. Pasanggrahan Patih Djojodigdo yaiku

sawijine objek wisata religi ing Kutha Blitar, Jawa Wetan. Objek wisata religi iki dumunung ing Dalan Melati Kelurahan Kepanjenkidul Kecamatan Kepanjenkidul Kutha Blitar. Pasanggrahan Patih Djojodigdo dening masyarakat Blitar lan sakiwa tengene uga kasebut “Makam Gantung”. Kasebut makam gantung amarga wujud pasareyane Patih Djojodigdo kaya dene makam kang digantung, kamangka sejatine kang digantung kuwi amung cungkup pasareyane.

Pasanggrahan Patih Djojodigdo minangka salah sawijine papan panggonan kang dianggep keramat dening masyarakat sakupenge. Pasanggrahan Patih Djojodigdo iki awujud pekarangan amba kang ing njerone ana omah, kuburan, sumur, wit-witan. Sakabehe isi kang ana ing pekarangan iku nduweni perangan kang mistis. Pasanggrahan Patih Djojodigdo kerep ditekani peziarah saka tlatah kang adoh, kayata Bali, Kalimantan, Yogyakarta, Madiun, lsp saperlu ndonga lan njaluk ngalap berkah. Pasanggrahan Patih Djojodigdo uga didadekake papan panggonan kanggo kirap tumpeng nalika mengeti pahargyan ambal warsane Kelurahan Kepanjenkidul. Patih Djojodigdo minangka pawongan kang sugeng ing jaman Walanda. Patih Djojodigdo yaiku tangan tengene pangeran Diponegara kang dipercaya mbiyantu nglawan bangsa Walanda nalika jaman penjajahan.

Panliti milih objek Legendha Pasanggrahan Patih Djojodigdo amarga (1) Legendha Pasanggrahan Patih Djojodigdo iki nduweni nilai sejarah, kamangka durung akeh sing ngerteni kanthi setiti kaya ngapa unsur sejarah kang ana sajrone Legendha Pasanggrahan Patih Djojodigdo; (2) Legendha iki menchi piwulang tumrap bebrayan, wiwit bocah cilik, mudha, nganti wong tuwa; (3) Legendha iki sangertine paniti durung tau ditliti; (4) Panliti kepingin ngenalake legendha kang ana ing kutha Blitar marang liyan lan nuduhake anane patilasan sejarah kang kudu dilestarekakake; (5) Saliyane iku pasanggrahan iki isih didadekake panggonan kang kramat dening masyarakat sakupenge.

Adhedhasar mula bukane kang wis diandharake ing ndhuwur, mula panliti kepingin ngliti lan nganalisis Legendha Pasanggrahan Patih Djojodigdo utawa kacekak LPPD kanthi setiti. Panliti bakal nintingi LPPD tintingan folklor.

Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten kang wis diandharake kasebut, underane panliten yaiku:

- 1) Kepriye dheskripsi bebrayan ing Kelurahan Kepanjenkidul?
- 2) Kepriye wujud teks LPPD?
- 3) Kepriye nilai budaya kang kinandhut sajrone LPPD?
- 4) Kepriye fungsine LPPD tumrap masyarakat panyengkuyunge?
- 5) Kepriye makna simbolis kang kinandhut sajrone LPPD?

Tujuwan Panliten

Tujuwan kang kepingin digayuh saka panliten iki yaiku kanggo antuk dheskripsi ngenani:

- 1) Gandheng cenenge kahanan alam marang LPPD.

- 2) Wujud teks LPPD ing Dalan Melati Kelurahan Kepanjenkidul Kecamatan Kepanjenkidul Kutha Blitar.
- 3) Nilai budaya kang kinandhut sajrone LPPD ing Dalan Melati Kelurahan Kepanjenkidul Kecamatan Kepanjenkidul Kutha Blitar.
- 4) Fungsine legendha LPPD ing Dalan Melati Kelurahan Kepanjenkidul Kecamatan Kepanjenkidul Kutha Blitar.
- 5) Makna simbolis kang kinandhut sajrone LPPD.

Paedahe Panliten

- 1) Panliten iki bisa nambah kawruh ngenani sastra saperangan lisan saengga bisa mbiyantu panliti-panliti sabanjure minangka sarana informasi ngenani LPPD ing Dalan Melati Kelurahan Kepanjenkidul Kecamatan Kepanjenkidul Kutha Blitar.
- 2) Njaga lan nguri-uri folklor ing Indonesia mligine ing Kutha Blitar.
- 3) Bisa kanggo nambahi kawruh marang guru sing wigati marang sastra saperangan lisan ing dhaerah Blitar.
- 4) Minangka wujud dhokumentasi, mligine tumrap warga Kelurahan Kepanjenkidul ing babagan kabudayan Jawa supaya tansah dijaga kanthi becik.

Watesane Tetembungan

- 1) Legendha yaiku sawijine crita prosa rakyat kang nyata-nyata kedadeyan.
- 2) Folklor yaiku kabudayan sawijine kolektif tartamtu kang sumebar lan diwarisake turun-tumurun, kanthi tradhisional lan nduweni versi kang maneka warna, bisa awujud lisan utawa tulisan kanthi gerak isyarat utawa kanggo mbiyantu pangeling-eling. Kabudayan yaiku sakabehe perangan gagasan, tumindak lan asili karyane manungsa sajrone panguripane masyarakat kang diduweni dening manungsa kanthi cara sinau.
- 3) Pasanggrahan yaiku omah sing lumrahe ana ing sakjabaning kutha kanggo papan palerebaning para panggedhe, ratu, lsp. omah panginepan kanggo sedhiyan para priyayi sing lagi nindakake ayahan pepriksa, lsp.
- 4) Pasanggrahan Patih Djojodigdo yaiku sawijine objek wisata religi ing Kutha Blitar, Jawa Wetan. Pasanggrahan Patih Djojodigdo iki awujud pekarangan amba kang ing njerone ana omah, kuburan, sumur, wit-witan.
- 5) Wujud yaiku samubarang kang nduweni bentuk bisa dicekel lan dirasakake.
- 6) Teks yaiku isine crita legendha pasanggrahan Patih Djojodigdo.
- 7) LPPD yaiku cekakan saka Pasanggrahan Patih Djojodigdo.

- 8) LPPD yaiku cekaan saka Legendha Pasanggrahan Patih Djojodigdo.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Masyarakat Jawa lan Kapitayan

Masyarakat Jawa kang manggon ing tlatah Jawa kaperang dadi telung jinis, yaiku masyarakat paseduluran, masyarakat gotong-royong, lan masyarakat *berketuhanan*. Masyarakat paseduluran yaiku masyarakat Jawa minangka sawijining kasatuwan kang kaiket dening norma-norma panguripan amarga saka anane sejarah, tradhisi, lan agama. Masyarakat *gotong-royong* minangka titikan kang mligi saka masyarakat paseduluran. Modhel panguripan kaya mangkene minangka asil saka warisan para leluhur. Masyarakat *berketuhanan* minangka masyarakat kang nganut paham *animisme*, yaiku masyarakat kang percaya marang anane roh kang nguwasani samubarang, tetuwuhan, kewan, uga manungsa (Herusatoto, 2003:38-39). Saka andharane Herusatoto bisa didudut yen masyarakat Jawa kang *berketuhanan* iki minangka masyarakat Jawa kang nganut sawijining kapitayan lan kapitayan kasebut ngiket masyarakat supaya manut marang apa kang diyakini.

Koentjaraningrat (2005:203) ngandharake kapitayan minangka sawijining sistem kang dianut lan diyakini dening manungsa. Kapitayan kang diyakini dening manungsa yaiku ngenani anane donya liya kang ora bisa diweruhi dening manungsa kanthi mung nggunakake mata. Donya kuwi sinebut donya alam gaib utawa donya *supranatural*. Sawijining kabudayan kang ana ing pulo Jawa uga nganut kapitayan yen sejatine sing mapan lan manggon ing alam gaib kuwi, yaiku makhluk lan kakuwatan-kakuwatan kang ora bisa ditandhingi dening manungsa. Makhluk lan kakuwatan kasebut, yaiku: 1) Para dewa kang nduweni sipat becik lan ala, 2) Makhluk lembut, kayata ruh leluhur, memedi, lan para dewa, 3) Kekuwatan sekti kang nduweni paedah tumrap masyarakat utawa kang bisa menahi bencana.

Simbol

Simbol-simbol akeh tinemu ing kabudayan masyarakat Jawa. Simbol kasebut uga tinemu ing tumindake masyarakat Jawa. Saka tata tumindak simbol masyarakat Jawa, miturut Herusatoto (2003:87) diperang dadi telu, yaiku : 1) Tata tumindak sajrone kapitayan, 2) Tata tumindak simbolis sajrone tradhisi, lan 3) Tata tumindak simbolis sajrone kaseniane. Simbol kang ana ing tata tumindak sajrone kapitayan iki uga ana sajrone LPPD. Simbol iki nuduhake sawijining makna saka anane ubarampe lan sesajen kang wajib ana nalika haul Eyang Patih Djojodigdo. Saliyane kuwi nganut adharane Kuntowijoyo, sajrone crita LPPD iki uga ana saperangan barang kang ngandhut sawijine makna.

Simbol minangka kahanan ing antarane masyarakat lan objek (Herusatoto,2003:10). Sudikan, (2001:108) uga ngandharake simbol asale saka tembung *symbolicum* kang nduweni teges weneh tandha kang negesi prakara tartamtu, saliyane kuwi simbol uga

mujudake objek utawa prastawa apa wae kang nggambarake kekarepan tartamtu.

Folklor

Folklor iku mujudake perangan saka kabudayan. Danandjaja (1984:2) ngandharake folklor yaiku kabudayan sawijine kolektif tartamtu kang sumebar lan diwarisake turun-tumurun, kanthi tradhisional lan nduweni versi kang maneka warna, bisa awujud lisan utawa tulisan kanthi gerak isyarat utawa piranti kanggo pangeling-eling.

Miturut Bruvand (sajrone Danandjaja,1984:21-22) folklor bisa kagolongake dadi telung perangan, yaiku 1) folklor lisan, yaiku wujud kang nyata lisan. Folklor lisan bisa awujud (a) Basa rakyat kayata, logat, julukan, pangkat tradhisional, lan pangkat kabangsawanan; (b) Unen-unen tradhisional kayata, paribasan, bebasan, lan sanepa; (c) Pitakonan tradhisional kayata bedhek-bedhekan; (d) Guritan rakyat kayata, pantun, gurindam, lan syair; (e) Cita prosa rakyat kayata, mitos, legendha, lan dongeng; lan (f) Nyanyian rakyat. 2) Folklor saperangan lisan, yaiku folklor kang wujud campuran saka unsur lisan lan dudu lisan. 3) Folklor dudu lisan, yaiku folklor kang wujud dudu lisan. Kelompok iki kaperang dadi loro, yaiku material lan dudu material. Kang kalebu kelompok material yaiku arsitektur rakyat, kerajinan tangan rakyat, klabi adat, manganan lan omben rakyat, lan obat-obatan tradhisional. Wujud folklor kang dudu material yaiku gerak isyarat tradhisional, swara isyarat kanggo komunikasi rakyat, lan musik rakyat.

Adhedhasar pangerten ing ndhuwur, mula legendha minangka perangan saka cita prosa rakyat kang minangka perangan saka folklor saperangan lisan. Babagan iki dumadi amarga sajrone LPPD ana sawijine ubarampe kang wajib cumepek nalika Haul Patih Djojodigdo, saengga ndadekake LPPD iki kalebu perangan saka folklor saperangan lisan. Saliyane kuwi, LPPD uga minangka kabudayan lokal kang awujud cita prosa rakyat kang lair saka masyarakat ing Kelurahan Kepanjenkidul Kelurahan Kepanjenkidul Kutha Blitar.

Legendha lan Mitos

Legendha asipat *sekuler* utawa kadonyan, dumadine crita iku nyata anane lan dumunung ing papan panggenan kang kita kenal. Legendha kadang kala dideleng minangka *sejarah kolektif (folk historis)* kang ngalami owah-owahan *distorsi*, saengga nduweni versi kang maneka warna (Danandjaja, 1984:66).

Legendha yaiku crita prosa rakyat kang titikane saemper karo mite, yaiku dianggep yen crita iku bener anane nanging ora dianggep minangka crita kang suci. Legendha iku diparagani dening manungsa, senajan kadhang kala dibantu dening makhluk kang ajaib. Papan panggon dumadine legendha iku ing donya kang kita kenal, amarga wektu dumadine crita iku durung suwe banget (Bascom sajrone Danandjaja, 1984:50). Denoon (sajrone Endraswara, 2010:92) ngandharake yen legendha yaiku sawijine crita ngenani para leluhur (*nenek moyang*) kang nalika isih urip nduweni sesambungan klawan kekuwatan supranatural.

Adhedhasar panggolongane legendha, mula bisa didudut yen LPPD iki kalebu legendha perseorangan (personal legends), amarga LPPD nyritakake sawijine tokoh kang nduweni pangaribawa marang kutha Blitar. Slaras karo andharane Endraswara ngenani perangan mistis kang ora bisa uwal saka legendha, semono uga karo LPPD ing Kutha Blitar iki uga ngandhut perangan mistis kang dipercaya dening masyarakat sakupenge.

Mistis yaiku crita-crita suci kang nyengkuyung sistem kapitayan utawa agama. Crita kang kalebu sajrone kelompok mitos yaiku crita ngenani mula bukane donya, panguripan, manungsa lan kagiyatan-kagiyatan panguripan kayata tetanen (upamane kapitayan Dewi Sri), lan sapanunggalane (Hutomo, 1991:63). Bascom (sajrone Hutomo, 1991:63) ngandharake yen mitos utawa *mite* yaiku crita kang dianggep bener anane, sarta dianggep suci dening masyarakat sakupenge. Mitos diparagani dening para dewa utawa makhluk setengah dewa. Papan panggonane crita ing donya kang ora kita kenal lan dumadine crita kang wektune wis suwi. Bascom (sajrone Danandjaja, 1984:51) ngandharake yen mitos utawa *mite* umume nyritakake dumadine jagad gumelar, donya, manungsa kapisan, wujud khas kewan, wujud *topografi*, pratandha alam. Mitos uga nyritakake panguripane para dewa, crita katresnane, hubungan paseduluran, crita perang, lan sapanunggalane.

Nilai Budaya

Miturut Koentjaraningrat (2009:153) sistem nilai budaya minangka tingkat kang paling dhuwur lan paling *abstrak* saka adat-istiadat. Nilai kabudayan minangka konsep pamikire saperangan masyarakat ngenani samubarang kang dianggep nduweni nilai ing panguripan. Pamikiran kasebut mangaribawani sikap lan solah bawa ing panguripan saben dinane. Lantini (sajrone Meiviana, 2012:14) ngandharake nilai budaya nduweni tujuan kanggo ngandharake pesen para leluhur supaya piwulangan sing kalebu sajrone budaya iku bisa dijupuk pitutut lan patuladhane kanggo generasi sabanjure.

Nilai budaya nduweni fungsi yaiku minangka pandam pandoming urip manungsa ing masyarakat, nduweni ruang lingkup kang amba, lan umume ora gampang dicethakake kanthi rasional lan nyata. Miturut Djarmaris (1993:2) sistem nilai budaya bisa digolongake dadi limang perangan kang ana gegayutane klawan manungsa., yaiku:

Nilai budaya gegayutane manungsa marang Allah SWT, yaiku gegayutan dhasar hakekat paseduluran manungsa ing alam donya. Nilai budaya gegayutane manungsa marang donya minangka kasatuwan panguripan manungsa. Nilai budaya kang onjo ing perangan iki yaiku nilai kasatuwan lan pemanfaatan dayane donya kanggo panguripan. Nilai budaya gegayutane manungsa klawan manungsa minangka makhluk sosial nyakup karamahan lan kasopanan, karukunan, kasetyan, kajujuran, lan kawicaksanan sing diduweni dening manungsa marang manungsa liyane. Nilai budaya gegayutane manungsa klawan masyarakat, yaiku nilai-nilai kang ana sesambungane marang kepentingan anggota

masyarakat. Nilai ing perangan iki kayata nilai budaya wawan rembug, gotong-royong, kapatuhane marang adat lan keadilan. Nilai budaya gegayutane marang awake dhewe, yaiku nilai budaya kanggo ngadhepi prakara sing kedadeyan saka awake dhewe, kayata kahanan uripe.

Andharan ing ndhuwur bisa didudut yen nilai kabudayan iku nduweni fungsi kanggo panguripane manungsa, yaiku minangka pandam pandome uripe manungsa. Nilai kabudayan minangka pedhoman saka konsep-konsep idheal kabudayan lan bisa didadekake motivasi kanggo panguripane manungsa minangka perangan saka masyarakat (Koentjaraningrat, 2009:52).

Fungsi

Bascom (sajrone Danandjaja, 1984:19) ngandharake fungsi folklor kaperang dadi papat, yaiku 1) Minangka sistem proyeksi, yaiku minangka piranti kaca benggane angen-angen sawijining masyarakat, 2) Minangka piranti kanggo pangesahan pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, 3) Minangka piranti kanggo nggulawenthah anak utawa para mudha, 4) Minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi supaya norma-norma tansah dituruti dening masyarakat. Andharan kasebut cundhuk klawan andharane Dundes ngenani fungsi folklor tumrap masyarakat panyengkuyunge. Dundes (sajrone Yuwono, 2014:152) ngandharake fungsi folklor tumrap masyarakat panyengkuyunge kaperang dadi enem, yaiku 1) Minangka sarana kanggo piwulangan para mudha, 2) Minangka piranti kanggo ngundhakake rasa soladiritas sawijining kolektif, 3) Minangka piranti kanggo menahi sangsi sosial utawa pakuman, 4) Minangka sarana kritik sosial, 5) Minangka sarana kanggo menahi panglipur kang nyenengake, 6) Minangka sarana kanggo ngowahi pakaryan kang ora nyenengake dadi sawijining dolanan.

Adhedhasar saka konsep teori sing ana, beda maneh miturut Malinowski (sajrone Hutomo, 1991: 18) ngandharake yen sastra lisan bisa nduweni fungsi minangka kontrol sosial lan kanggo panggulawenthah tumrap mudha-mudhi. Malinowski uga ngandharake yen fungsi folklor minangka unsur-unsur kabudayan yaiku wujud kanggo njangkepi kabutuhan-kabutuhan nalurine manungsa.

LPPD iki nggunakake teori fungsi modhifikasi Malinowski, William R. Bascom, lan Alan Dundes, yaiku (1) kanggo njangkepi kabutuhan-kabutuhan nalurine manungsa; (2) minangka piranti pangesahan pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan; (3) minangka piranti panggulawenthah anak utwa para mudha; (4) minangka piranti kanggo ngawasi supaya norma iku tansah dituruti dening masyarakat; (5) minangka piranti kanggo menahi sangsi sosial utawa pakuman; lan (6) minangka sarana kanggo menahi panglipur kang nyenengake.

Landhesan Teori

Teori kang digunakake kanggo njlentrehake nilai kabudayan kang kinandhut sajrone legendha PPD iki nganut teori saka Djarmaris, yaiku merang nilai budaya dadi limang perangan kang ana gegayutane klawan manungsa.

Teori fungsi kang digunakake panliti yaiku teori fungsi modhifikasi Malinowski, William R. Bascom, lan Alan Dundes yaiku, (1) kanggo nyukupi kabutuhan naluri manungsa minangka sistem proyeksi (projective system), yaiku minangka kaca benggala kekarepan sawijine kolektif, (2) minangka piranti pangesahan pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, (3) minangka piranti panggulawenthah anak utawa para mudha, (4) minangka piranti kanggo ngawasi supaya norma iku tansah dituruti dening masyarakat, (5) minangka piranti kanggo menahi sangsi sosial utawa paukuman, (6) minangka sarana kanggo menahi panglipur kang nyenengake kang nyenengake.

Teori makna simbol kang digunakake dening panliti yaiku teori saka Herusatoto lan Kuntowijoyo. Herusatoto ngandharake yen simbol kasebut akeh tinemu ing tumindake masyarakat Jawa, banjur dheweke merang simbol diperang dadi telu, salah sawijine kang digunakake kanggo nintingi LPPD iki yaiku Tata tumindak sajrone kapitayan. Simbol iki nuduhake sawijining makna saka anane ubarampe lan sesajen kang wajib ana nalika haul Eyang Patih Djojodigdo.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Metodhe kang digunakake kanggo nintingi panliten iki yaiku metodhe dheskriptif. Metodhe dheskriptif awujud asil saka wawancara, cathetan saka lapangan, poto, *videotape*, dhokumen pribadhi, lan dhokumen resmi (Moleong, 2014:11). Sudaryanto, (1988:12) ngandharake tembung dheskriptif yaiku nuntun supaya panliten kang dilakoni mung adhedhasar kasunyatan-kasunyatan utawa kedadeyan-kedadeyan kang nyata-nyata urip lan ngrembaka sajroning panuture, saengga sing dadi asile yaiku pesen-pesen awujud basa minangka paparan kang apa anane. Metodhe dheskriptif, yaiku sawijine metodhe kang ngandharake utawa nggambarake kanthi cara sistematis, faktual, lan akurat. Ngenani fakta, sipat kang ana gegayutan antarane fenomena kang arep diteliti. Saliyane iku uga ngandharake sikap, panemu, kahanan, kondisi, lan prosedhur (Arikunto, 2010: 207). Soejono (1997:23) ngandharake pigunane metodhe dheskriptif ing sawijine panliten yaiku kanggo menahi sawijine andharan kang dheskriptif ngenani kolektivitas kanthi syarat yen dhatane kudu bener anane. Saliyane iku, Arikunto (2010:11) uga ngandharake panliten dheskriptif yaiku wujud panliten non-hipotesis kang nduwe ancas kanggo nggambarake kedadeyan.

Adhedhasar-andharan kasebut bisa didudut yen panliten iki nggunakake dheskriptif kualitatif kang isine nggambarake panliten kanthi ringkes, lan anane prakara kang wis ana sajrone panliten kasebut. Panliten LPPD iki kalebu panliten kualitatif. Diarani kualitatif amarga kanggo nggambarake samubarang kanthi *objektif* utawa apa anane. Panliti oleh dhata saka asile wawancara, observasi langsung ing lapangan, lan dhata dhokumentasi.

Objek lan Papan Panliten

Objek sajrone panliten iki yaiku crita ngenani LPPD. Papan panggonan panliten iki yaiku ing Jalan Melati Kelurahan Kepanjenkidul Kecamatan Kepanjenkidul Kutha Blitar.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata primer ing panliten iki yaiku para informan kang diwawancarai dening panliti, informan kasebut yaiku juru kunci PPD lan sesepuh Kelurahan Kepanjenkidul. Sumber dhata skunder sajrone panliten iki yaiku arupa dhokumen kang ana gegayutane klawan PPD.

Dhata, yaiku informasi sing diasilake saka sumber Dhata. Sugiyono (2011: 130) ngandharake yen Dhata iku wujud ana loro, yaiku Dhata lisan lan Dhata barang. Sajrone Dhata lisan kuwi awujud arupa tetembungan, ukara, wacana ngenai crita prosa rakyat kang awujud LPPD kang dipikolehi saka asiling wawancara. Dhata panliten iki uga awujud crita ngenani PPD. Dhata barang sajrone panliten iki yaiku arupa foto-foto kang ana gegayutane klawan obyek panliten.

Tatacara Nemtokake Informan

Miturut Sudikan (2001:91) nemtokake informan iku ana wewatone yaiku, (1) nduweni kawruh marang crita rakyat, (2) waras lair lan batin, (3) diwasa, (4) informan kudu asipat netral, (5) minangka tokoh masyarakat, (6) nduweni kawruh ngenani prakara kang diliti.

Adhedhasar wewatone informan ing ndhuwur, sajrone panliten iki panliti nggunakake informan primer lan sekunder. Informan primer yaiku juru kunci saka PPD lan informan skunder yaiku masyarakat kang ana ing sakiwa tengene pesanggrahan. Sajrone panliten iki, wiwitan panliti nekani juru kunci pesanggrahan lan perangkat desa kanggo nakokake informan kang ngerteni kanthi cetha babagan crita PPD.

Tata Cara Nyusun Instrumen Panliten

Sugiyono (2011:102) ngandharake instrumen yaiku piranti kanggo nliiti ngenani kedadeyan lan solah bawane manungsa. Panliten tumrap legendha PPD kalebu panliten lapangan, yaiku panliten kang anggane ngumpulake dhata mudhun langsung ing lapangan lan sesambungan langsung klawan informan. Instrumen sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe. Instrumen panyengkuyung liyane supaya luwih cetha dhata kang dipikolehi, yaiku 1) piranti rekam kanggo ngrekam swarane informan; 2) piranti nulis kanggo nyathet bab kang wigati nalika nindakake panliten; 3) dhafar pitakonan kanggo para informan; 4) *kamera digital* kanggo njupuk gambar kang gegayutan klawan objek panliten.

Tata Cara Ngumpulake Dhata

Panliti ing kene minangka instrumen uga pangumpul dhata. Pangumpul dhata sajrone panliten LPPD ing Dalan Melati Kelurahan Kepanjenkidul Kecamatan Kepanjenkidul Kutha Blitar nggunakake tata cara, yaiku 1) Observasi; 2) Wawancara; 3) Dhokumentasi; 4) Rekaman; 5) Cathetan; 6) Tata cara Transkrip Dhata

Tata cara Analisis Dhata

Tata cara analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe *dheskriptif*. Analisis *dheskriptif kualitatif* minangka sawijine metodhe kang digunakake kanggo ndheskripsekake dhata-dhata kang ana ing lapangan sabanjure dianalisis lan ditafsirake supaya paramaca bisa ngerteni kanthi gampang lan cetha. Panliten kualitatif nduweni trap-trapan, yaiku:

- 1) *Open Coding*, yaiku panliti golek dhata saakehe-akehe ngenani LPPD. *Open Coding* iki ngliputi proses ngrinci, mriksa, mbandhingake, ngonseptualisekake, lan nggolongake dhata.
- 2) *Adial Coding*, panliti ngumpulake dhata miturut kategorine, yaiku wujud critane, nilai kabudayan kang kinandhut, fungsine LPPD, lan makna simbolis kang kinandhut sajrone LPPD.
- 3) *Selective Coding*, panliti ngenekake pamriksa kategori inti kang gegayutan klawan kategori liyane. Saka olehe Dhata banjur ing pungkasan diandharake bab dudutan babagan ringkesaning isi panliten (Sudikan, 2001:80).

ASILING PANLITEN

Dheskripsi Bebrayan ing Kelurahan Kepanjenkidul Kutha Blitar

Dheskripsi Kelurahan Kepanjenkidul iki minangka gegambaran marang wong kang durung ngerteni kahanan Kelurahan Kepanjenkidul kanthi cetha.

1) Kahanan Alam Kelurahan Kepanjenkidul

Kepanjenkidul minangka sawijining kelurahan kang panggonane ana ing satengahing Kutha Blitar. Kelurahan Kepanjenkidul minangka salah sawijining kelurahan kang mapan ing sisih paling kidul saka kecamatan Kepanjenkidul. Kelurahan Kepanjenkidul ana ing kadhuwuran watara 150 nganti 200 meter ing sadhuwure *permukaan* laut lan ambane wilayah yaiku watara 86.703 km². Wates wilayah Kelurahan Kepanjenkidul yaiku wates sisih lor wewatesan karo Kelurahan Kauman, sisih kulon wewatesan karo Kelurahan Sukorejo, sisih kidul wewatesan karo Kelurahan Karang Sari, lan sisih wetan wewatesan karo Kelurahan Sananwetan.

Kelurahan Kepanjenkidul kang panggonane ana ing tengahing kutha, mula nggampangake anggone masyarakat ngurus sakabehing kabutuhan. Jarak antarane kelurahan karo Kantor Pamerintahan Kecamatan Kepanjenkidul watara 1,00 km, antarane kelurahan karo Kantor Pamerintahan Kutha (Kantor Walikota) watara 2,00 km, antarane kelurahan karo Kantor Pamerintahan Kabupaten (Kantor Bupati) watara 5,00 km. Kahanan kasebut nuduhake yen Kelurahan Kepanjenkidul minangka salah sawijining papan panggonan kang strategis. Kelurahan Kepanjenkidul uga nduweni *fasilitas* kang nyengkuyung kaya dene *fasilitas kesehatan* kanggo njangkepi kabutuwane masyarakat. Kayadene posyandu kang digunakake kanggo njangkepi kabutuwane ibu lan bayi. Puskesmas kang digunakake kanggo sarana priksa kesehatane masyarakat. Sekolah ing Kelurahan Kepanjenkidul ing antarane PAUD, TK, SD, SMP,

SMA, lan Perguruan Tinggi. Papan kanggo ibadah ana Langgar, Masjid, lan Greja.

Kelurahan Kepanjenkidul bisa diarani kelurahan kang wis maju dibandhingne karo kelurahan liya-liyane kang ana ing Kutha Blitar. Ing Kelurahan Kepanjenkidul, dalane wis diaspal kabeh lan rata-rata dalane yaiku dalan protokol kang asring diliwati pawongan. Babagan ki bisa kabuktekake saka anana Kantor SAMSAT Kutha Blitar kang ana ing sisih kulone kantor Kelurahan Kepanjenkidul, jarake watara 500 meter saka kantor kelurahan.

2) Kahanan Bebrayan Kelurahan Kepanjenkidul

Kelurahan Kepanjenkidul bisa digambarake kaya dene:

a) Pendhudhuk Kelurahan Kepanjenkidul

Kelurahan Kepanjenkidul dumunung ana ing Kutha Blitar lan ana ing propinsi Jawa Wetan. Kelurahan Kepanjenkidul nduweni pendhudhuk kang cacahé ana 8.587 jiwa yaiku saka wong lanang cacahé ana 4.159 jiwa lan wong wadon kang cacahé ana 4.428 jiwa. Pawongan kang umure watara 0-15 cacahé ana 1.718 jiwa, watara 15-65 cacahé ana 5.972 jiwa, lan >65 cacahé ana 897 jiwa.

b) Pangupajiwa Kelurahan Kepanjenkidul

Ing Kelurahan Kepanjenkidul kang saperangan wilayahé ana ing punjere kutha, mula masyarakat akeh-akehe wis makarya dadi pegawe, guru, pengusaha, bakulan, lan liya-liyane. Kelurahan Kepanjenkidul uga kagolong salah sawijine kelurahan kang maju lan ngrembaka, mula masyarakaté uga nduweni pakaryan kang maneka warna.

c) Pendhidhikan ing Kelurahan Kepanjenkidul

Kelurahan Kepanjenkidul kang panggonane ana ing punjere kutha, mula akeh gedhung-gedhung sekolahan wiwit saka TK, SD, SMP, SMA, nganti *Perguruan Tinggi*. Masyarakaté uga akeh sing nyekolahne anake amarga tuntutan jaman saiki yaiku kanggo minterake anak.

d) Agama ing Kelurahan Kepanjenkidul

Masyarakat ing Kelurahan Kepanjenkidul saperangan gedhe nganut agama Islam, uga saperangan cilik nganut agama Kristen, Budha, Hindhu, Konghucu, lan sapanunggalane. Agama sing dianut dening masyarakat Kepanjenkidul maneka warna jinise, ananging agama kang saperangan gedhe dianut dening masyarakat Kepanjenkidul yaiku agama Islam.

Gegayutan antarane Alam Bebrayan lan LPPD

Crita kasebut isih dingerteni dening masyarakat mligne masyarakat Kutha Blitar. Masyarakat lan crita LPPD nduweni sesambungan kang rumaket wiwit jaman biyen nganti saiki. Sesambungan kasebut dumadi amarga saka kapitayane masyarakat marang samubarang kang ana sesambungane klawan Patih Djojodigdo.

Alam bebrayan ing Kelurahan Kepanjenkidul uga nduweni sesambungan tumrap crita LPPD. Kahanan alam kang gedhe mujudake lemah kang jembar lan mapane Kelurahan Kepanjenkidul ing tengahing kutha ndadekake gedhene daya pangaribawa tumrap crita LPPD. Adicara Haul Patih Djojodigdo

kang ditindakake saben tanggal 1 ruwah mujudake rasa syukure masyarakat tumrap rejeki kang diantuki nalika setaun ngupaya ing donya lan minangka wujud saka rasa kurmate marang Patih Djojodigdo.

Babagan kahanan bebrayan yen diteliti kanthi cetha nduweni daya pangaribawa kang gedhe tumrap crita LPPD. Babagan pamong desa nduweni daya pangaribawa mligine sajrone pamikire tumrap adicara Haul Patih Djojodigdo. Pamikiranane pamong desa kasebut uga ditularake marang masyarakat saengga ndadekake adicara Haul Patih Djojodigdo lan crita LPPD tansah ngrembaka lan lestari.

Babagan pendhidhikan uga menehi daya pangaribawa kang gedhe tumrap crita LPPD. Ing sawijine bab bisa ndadekake legendha kasebut tansah ngrembaka amarga pamikiranane para mudha kang tansah maju. Masyarakat Kepanjenkidul kang kagolong masyarakat *maju* kasebut isih ngugemi lan nguri-uri kabudayan Jawa kang minangka warisan para leluhur. Babagan iki dumadi amarga saka anane kapitayan masyarakat ngenani kawingitan lan kasektene Patih Djojodigdo nalika isih sugeng nganti tumekaning seda. Saliyane kuwi, babagan pangupajiwa sajrone pangrembakane LPPD uga nduweni daya pangaribawa. Kamangka, babagan pangupajiwa bisa ndadekake owahing pamikiranane masyarakat ngenani LPPD. Masyarakat kang *berpendidikan* kadangkala ninggalake lan ora meruhi crita LPPD, nanging smasyarakat Kepanjenkidul tansah nguri-uri LPPD kasebut amarga masyarakat nganggep yen LPPD minangka warisan leluhur kang kudu dijaga lan diuri-uri.

Wujud Teks Crita LPPD

Mula bukane crita LPPD miturut para bebrayan ing Kelurahan Kepanjenkidul ana wiwit jaman Walanda lan minangka crita prosa rakyat kang wis tuwa. Crita iki minangka crita lisan kang angel yen kudu dingerteni kanthi cetha ngenani wiwitan lan tokoh-tokoh pambiyantu kang ana ing sajrone crita. Crita ngenani LPPD iki disebarakae kanthi cara gethok tular saka pawongan siji menyang pawongan liyane, saengga critane nduweni versi kang maneka warna. Crita iki nyritakake ngenani paraga Bawadiman kang minangka anak turune RMT. Kartodiwirjo sing ora liya Bupati Kulonprogo. Bawadiman sing wiwit cilik pisah karo wong tuwane lan urip ing Tulungagung, nduwe kepinginan nyinau bab pamarintahan. Nganti sawijine dina Bawadiman menyang Blitar sisih kidul etan lan dheweke bisa ngusir para penjajah sing cacache ora saithik. Amarga saka jasane, Bawadiman diangkat dadi patih Blitar kanthi asma RM. Bawadiman Djojodigdo. Bawadiman uga minangka pawongan kang mabad alas jati kanggo madegake sawijine padesan ing Kutha Blitar.

Nilai Budaya kang Kinandhut sajrone LPPD

Piwulang utawa nilai kang kinandhut sajrone LPPD iki kaandharake kaya ing ngisor iki.

Nilai Budaya Gegayutane Manungsa marang Allah SWT Nilai Kapitayan Percaya marang Samubarang

Nilai kapitayan sajrone PLLP yaiku anane kapitayane masyarakat tumrap samubarang kang ana ing sanjeron pesanggrahan. Masyarakat nganggep yen

samubarang kasebut dimadegani dening makhluk lembut kang mbaureksa lan diajab bisa menehi berkah. Masyarakat nganggep yen kabutuhan rohani kuwi perlu kanggo nentremake jiwa saka nyembah lan ngramatake samubarang kasebut. Babagan iki bisa dideleng saka pethikan wawancara kaya ing ngisor iki.

“..Miturut critane, sumur sing ana ing pinggir omah kuwi kramat. Akeh pawongan sing nyemedi ing kana kanggo njaluk pesugihan lan sapiturute. Dening sesepuh kene, saben malem Jemuah Legi sumur kuwi dicemplungi pitik Jawa sing isih dara mbak. Masyarakat percaya yen ora nyawisi pitik lan kembang telon wangi karo endhog Jawa bakal ana musibah ing sakiwa tengene pesanggrahan. (Mbah Ramiati, Senin 27 April 2015).”

Saka pethikan wawancara kang ditindakake dening Mbah Ramiati ing ndhuwur bisa didudut menawa anane sesambungan ing antarane nilai budaya manungsa klawan Gusti. Nilai kabudayan iki yaiku anane kapitayan marang samubarang kang dianggep kramat lan disembah dening masyarakat sakupenge pesanggrahan. Kedadeyan kasebut bisa uga amarga saka anane kabutuhan dhiri pribadhine minangka makhluk sosial. Makhluk sosial ing kene ateges manungsa Jawa isih nduweni rasa mbutuhake kakuwatan liya kanggo uripe. Kakuwatan kasebut kaya ing sumur tuwa kang ana ing wetan omah Patih Djojodigdo.

Nilai Budaya Gegayutane Manungsa marang Donya Minangka Kasatuwan Panguripan Manungsa Tresna marang Lingkungan

Manungsa lan lingkungan kang ana ing alam donya iki minangka sawijining perangan kang ora bisa dipisahake. Kekarone uga minangka reriptane Gusti kang nduweni sesambungan ing antarane siji lan sijine. Manungsa ora bisa urip mulya yen lingkungane rusak, semono uga suwalike lingkungan bakal rusak yen manungsa ora bisa njaga kanthi becik. Manungsa minangka perangan kang mbutuhake lingkungan kanggone urip bebrayan, mula dheweke kudu bisa njaga lingkungan kang minangka kasatuwan panguripane. Salah sawijine wujud rasa syukur manungsa marang Karsaning Gusti yaiku tresna marang lingkungan. Manungsa kang tresna marang lingkungan nuduhake yen dheweke bisa njaga anugrahing Gusti Pangeran. Babagan tresna marang lingkungan iki uga ana ing sajrone LPPD. Sajrone LPPD, tresna marang iki ditindakake dening Patih Djojodigdo. Patih Djojodigdo anggane tresna marang lingkungan diwujudkan lumantar tumindake kang seneng tetanduran. Babagan iki cundhuk klawan pethikan wawancara kaya ing ngisor iki.

“Eyang Patih ki wong sing seneng tetanduran mbak, mula ing njero pesanggrahane ya akeh wit-witan mbak. Meh kabeh tetanduran sing ana ing pekarangan iki maedahi tumrap masyarakat mbak, kayata wit dewa daru,

wit kepel, wit nagasari, lan sapiturute.
(Pak Rahadi, Rebo 29 April 2015)”.

Saka pethikan wawancara kang ditindakake dening Pak Rahadi ing ndhuwur bisa didudut yen Patih Djojodigdo kalebu pawongan sing tresna marang lingkungan. Salah sawijine wujud rasa tresnane yaiku dheweke seneng tetanduran lan njaga lingkungan sakupenge supaya tansah subur. Patih percaya yen tanahe subur, mula bakal ndadekake masyarakat ayem amarga tetandurane kuwi tuwuh kanthi apik. Patih Djojodigdo kang kalebu wong sekti, uga remen karo tetanduran kang bisa didadekake tamba. Tetanduran kang ana ing njero pesanggrahan kuwi uga maedahi tumrap masyarakat sakupenge, kayata wit dawa daru, wit kepel, wit nagasari. Kabeh tatuwuhan kasebut ditandur dening Patih Djojodigdo kanthi maksud supaya ing dinten tembe bisa digunakake kanggo tamba dening masyarakate. Tumindak kang kaya mangkene bisa dituladhani dening para mudha supaya donya iki ora rusak.

Nilai Budaya Gegayutane Manungsa klawan Manungsa

1) Manungsa Kudu tansah Ngajeni Wong kang Luwih Tuwa

Ngajeni wong kang luwih tuwa yaiku tumindak becik kang ditindakake dening pawongan sing rumangsa kurmat marang pawongan kang luwih tuwa umure. Tumindak kang kaya mangkene ditindakake kanthi maksud ngregani lan aweh pakurmatan marang wong kang luwih tuwa. Sikap ngajeni wong tuwa kang luwih tuwa iki minangka sawijine sikap kang kudu dituladhani dening para mudha ing jaman saiki. Saka anane sikap kang kaya mangkene, mula bakal tuwuh anane sikap pedhuli lan ngregani marang pawongan liya. Babagan kasebut uga kinandhut sajrone crita LPPD kang kaya diandharake ing ngisor iki.

“Nalika ziarah ing makame Eyang, sandhal lan sepatu kudu dicepot. Aturan iki kanggo ngormati Eyang sing wis tuwa lan sing mbabad kelurahan mbak. Yen aturan kuwi ora dituruti lan dilanggar, mesti ana wae kedadeyan sing ala mbak. Kayata nalika nyekar ing makame Eyang lan sandale ora dicepot sikile kesleo mbak pas mudhun teka makame Eyang. Bab kuwi tau kedadeyan karo wong teka Kediri mbak. (Mbah Lasiman, Slasa 28 April 2015)”.

Pethikan wawancara kang ditindakake dening Mbah Lasiman ing ndhuwur nuduhake yen ing jaman saiki pakurmatan kanggo wong kang luwih tuwa isih diugemi. Aturan ngenani pakurmatan marang wong kang luwih tuwa kuwi minangka sawijine wujud nilai budaya kang ana sajrone masyarakat. Nilai budaya ngajeni wong kang luwih tuwa kang ana sajrone LPPD iki kabuktekake saka anane tumindake para paziarah nalika ziarah ing makame Patih Djojodigdo.

2) Manungsa Kudu nduweni Sikap Welas asih

Sikap welas asih yaiku pedhuli marang wong liya nalika pawongan kasebut nandang kasusahan. Welas asih uga kalebu sikap ngesakne marang wong

liya. Sikap ngesakne kasebut tuwuh amarga saka anane kahanan kang ora nyenengake, kayata kahanan nalika pawongan liya kena musibah. Sikap welas asih iki uga ana sajrone crita LPPD. Babagan kuwi bisa dideleng saka pethikan wawancara kaya dene ing ngisor iki.

“Saka cerita jaman biyen Eyang Patih ki wong sing temen mbak, mbeneh. Nalika anak buahe nandang kasusahan gara-gara gunung Kelud mbledhos, Eyang menahi pekarangan kanggo anak buahe mbak. Supaya anak turune bisa urip mulya.”
(Mbah Tukiye, Sabtu 2 Mei 2015)”.

Saka pethikan wawancara kang ditindakake dening Mbah Tukiye ing ndhuwur nuduhake yen manungsa ing alam donya iki kudu tansah nuladani tumindake Patih Djojodigdo. Manungsa kudu nduweni sikap welas asih lan pedhuli marang kasusahane wong liya. Ora ndeleng pawongan kasebut drajate endhek utawa dhuwur, yen nandang kasusahan kudu tansah ditulung. Sikape Patih Djojodigdo kasebut uga nuduhake yen dheweke kalebu pamimpin sing wicaksana. Dheweke gelem aweh tetulung marang anak buahe sing lagi kasusahan. Sikap kang kaya mangkene bisa ndadekake panguripane manungsa ing dinten tembe tansah makmur lan tentrem. Katentremen kasebut dumadi saka kasadharane manungsa kanggo pedhuli marang wong liya. Sikap welas asih kasebut uga bisa dadi patuladhan kanggo para panggedhe ing jaman saiki. Para panggedhe kang nuladhani tumindake Patih Djojodigdo kasebut, mula negara iki bisa dadi negara ngrembaka lan masyarakaté urip kanthi tentrem.

Nilai Budaya Gegayutane Manungsa klawan Masyarakat

1) Manungsa Kudu nduweni sikap Tulung Tinulung

Nilai tulung tinulung yaiku urip bebrayan kuwi urip bebarengan karo wong liya kang cacahé ora saithik. Sajrone urip bebrayan uga ana tatalaku sing kudu diduweni, yaiku sikap tulung tinulung. Tulung tinulung ing antarane pawongan siji lan sijine kuwi kalebu kawajiban saka manungsa kang minangka mahkluk sosial. Tetulungan marang liyan kuwi tuwuh nalika anane pawongan sing mbutuhake tetulungan lan utawa saka anane pamikirane manungsa yen pawongan liya lagi mbutuhake tetulungan. Babagan ngenani tulung tinulung iki uga ana sajrone LPPD iki. Babagan iki bisa dideleng saka pethikan wawancara kaya dene ing ngisor iki.

“Adicarane biyasane wiwit saka jam 8 isuk nganti jam 4 sore mbak. Masyarakat kene ya padha gotong royong kanggo nyiapake makanan mbak. Sing ewang-ewang ora mung wong lanang, nanging ya wong wadon barang. Wiwit saka masak, resik-resik pesanggrahan, pesareyan, nganti nggelar klasa kanggo gendurenan ya dilakoni bebarengan. (Mbah Ramiati, Senin 27 April 2015).”

Pethikan wawancara kang ditindakake dening Mbah Ramiati ing ndhuwur nuduhake wujud tulung tinulung kang ana ing masyarakat sakupenge

pesanggrahan Patih Djojodigdo. Wujud tulung tinulung kasebut bisa dideleng saka anane adicara Haul Eyang Patih Djojodigdo nalika tanggal 1 Ruwah. Adicara kasebut ditindakake kanggo mujudake rasa syukur marang para leluhur kang mabad papan panggonan kono lan kanggo ndongakake arwahe leluhur. Para warga uga bebarengan nandangi sakabehe pakaryan kanggo nglancaraké adicara kasebut. Wiwit saka ibu-ibu masak kanggo gendurenan, para kakung lan para mudha resik-resik pesanggrahan lan nganti nggelar klasa kanggo gendurenan ditindakake bebarengan. Tulung tinulung kasebut uga ora nyawang status sosial lan ora nyawang kuwi wadon apa lanang.

Nilai Budaya Gegayutane marang Awake Dhewe

1) Manungsa Kudu Nduweni Sikap *Cerdik*

Sikap cerdik yaiku sikap kang diduweni dening manungsa kanthi nggunakake akal lan pamikiran, cepet anggane ngerti, gampang tanggap marang kahanan lan pinter nggoleki pamecahan masalah sing lagi diadhepi. Sikap cerdik iki uga diduweni dening Patih Djojodigdo nalika ngalahake bangsa Walanda. Babagan iki bisa dideleng saka pethikan wawancara kaya dene ing ngisor iki.

“..Pekarangan kasebut direbut dening Walanda kanthi peksa. Nanging, Patih Djojodigdo ora tinggal diam, panjenengane nyusun siasat kanggo ngrebut lan ngalahake bangsa Walanda. Eyang Djojodigdo nggunakake kapinterane kanggo ngalahake bangsa Walanda. (Mbah Ramiati, Senin 27 April 2015)”.

Saka pethikan wawancara kang ditindakake dening Mbah Ramiati bisa dingerteni yen Patih Djojodigdo kalebu pawongan cerdik. Dheweke bisa ngalahake bangsa Walanda kanthi nggunakake pamikiran. Nalika pekarangan kang minangka hadiah saka Adipati Blitar direbut dening bangsa Walanda, dheweke ora meneng wae. Patih Djojodigdo ora trima lan nyusun *siasat* kanggo ngrebut pekarangan kasebut. Saka kapinterane ngenani babagan pamarintahan lan amarga saka kasektene, mula Patih Djojodigdo bisa ngalahake Walanda. Sikap kang cerdhik iki kudu diduweni dening pamimpin. Yen ora cerdik, mula paimpin ora bisa mimpin negara lan rakyat. Pamimpin kang ora cerdhik uga bakal kelangan negarane sing direbut utawa dikuwasani dening pawongan liya.

2) Manungsa Kudu Nduweni Sikap *Nriman*

Nriman minangka salah sawijining sikap manungsa kang becik. Pawongan kang nduweni sikap nriman iki ora bakal dadi pamimpin kang srakah. Nriman nuduhake sawijining sipat kang tansah nrima kanthi ikhlas apa sing wis dadi hak lan sing wis diwenehi dening Gusti Kang Murbeng Dumadi. Pawongan kang nriman uga bisa dadi patuladhan kanggo pawongan liyane. Sikap nriman iki uga diduweni dening Patih Djojodigdo. babagan iki bisa dideleng saka pethikan wawancara ing ngisor iki.

“Patih kalebu wong sing nriman mbak, piye ora nriman wong Eyang ngalahake bangsa Landa sing cacahé akeh kaya

mangkono, nanging mung diwenehi pekarangan sing ambane mung kaya mangkene. (Pak Rahadi, Rebo 29 April 2015)”.

Pethikan wawancara kang ditindakake dening Pak Rahadi ing ndhuwur nuduhake yen Patih Djojodigdo kalebu pamimpin sing nduweni sikap nriman. Sikap nriman kang diduweni dening Patih Djojodigdo kasebut ndadekake dheweke tansah disenengi dening pawongan liya. Senajan Patih kalebu wong cerdik lan nduweni jasa kang gedhe tumrap kutha Blitar, nanging dheweke nrima nalika dihadhahi pekarangan kang ambane ora sepira dening Adipati Blitar. Saka sikap kasebut, Patih Djojodigdo bisa dadi pamimpin kang ora srakah marang bandha donya. Babagan iki uga bisa dadi patuladhan tumrap para pamimpin lan masyarakat supaya dadi pawongan kang bisa nriman marang sakabehe.

Piwulang Ta Pitu

Piwulang Ta Pitu iki minangka piwulang kang diturunake dening Patih Djojodigdo marang anak putune. Piwulang utawa nasehat Ta Pitu iki dituturake dening Patih menyang Eyang Mukandjir Notowidigdo lan dituturake maneh menyang Pak Muharyo sing ora liya buyute Pak Rahadi. Nasehat Ta Pitu kasebut yaiku tata, titi, tatag, titis, temen, taberi, lan tlaten. Sapa wae kang nindakake piwulang Ta Pitu iki bakal dadi pawongan kang apik ing donya lan akerat. Ora bakal antuk kasusahan lan uripe tansah mulaya. Piwulang kasebut kaya andharan ing ngisor iki:

1) *Tata*

Miturut Sudaryanto (2001:1000) tata nduweni teges mawa aturan sing becik. Tata uga bisa dingerteni yen pawongan kasebut kudu ngerti aturan lan tata krama. Nasehat iki nuntun masyarakat supaya tansah ngormati aturan kang ana ing masyarakat, kudu ngerti tata krama lan sopan santun. Babagan iki cundhuk klawan andharane Pak Rahadi kaya ing ngisor iki.

“Tata *dalam bahasa Indonesia artinya tahu aturan atau santun*. Eyang kuwi nurunake piwulang iki supaya anak turune lan masyarakat bias dadi wong kang ngerti aturan. Dikarepake anak turune bias dadi pawongan kang *santun*. Tata sajrone pamarintahan ya ngono, *pejabat* kuwi kudu nduweni sipat tata. Tegese kudu nata ati, pikiran, lan tumindake supaya ora nindakake tumindak kang ora apik, kayata korupsi. (Pak Rahadi, Jumat 10 Juli 2015)”.

Saka andharane Pak Rahadi ing ndhuwur bias didudut sapa wae nindakake piwulang iki bakal dadi pawongan kang diajeni dening pawongan liya. Bakal dadi pawongan kang diwenehi pakurmatan dening liyan sajrone urip bebrayan. Piwulang iki ora mung ditujokake marang anak turune Patih Djojodigdo, nanging uga kanggo masyarakat. Saka piwulang iki Patih Djojodigdo kapingin yen masyarakat lan anak turune bisa dadi pawongan kang ngerti tata karma lan aturan. Masyarakat kang ngerti aturan kasebut kaajab

bisa mangun negarane supaya dadi negara kang maju lan ngrembaka.

2) Titi

Sudaryanto (2001:1027) ngandharake titi ateges sarwa ngati-ati nganti ora ana sing cicir, tlesih banget anggane mriksa. Cundhuk klawan andharane Sudaryanto, Pak Rahadi minangka anak turune Patih Djodigdo uga ngandharake bab titi kaya pethikan wawncara ing ngisor iki.

“Titi tegese manungsa kuwi kudu ngati-ati nalika nglakoni *kegiatan*. Ora oleh kesusu lan kudu dipirne mateng-mateng. Saka piwulang iki, patih kepengin anak turune ngati-ati nalika mergawe, mikir, ngomong lan makarya. Piwulang iki trep ditujokake marang nom-noman kang sipate isih *labil*. Para nom-noman kuwi kudu bias mikir kanthi *jernih* nalika arep nindakake samubarang. Yen bias nindakake piwulang iki, dheweke bias dadi pawongan kang begja lan mulya uripe. Kuwi sing dikarepake Patih saka anak turun lan masyarakate.” (Pak Rahadi, Jumat 10 Juli 2015)”.

Saka andharane Pak Rahadi ing ndhuwur bisa didudut yen titi nduweni maksud supaya manungsa kudu tansah tliti nalika nindakake samubarang lan ora oleh grusa-grusu. Pawongan mligine para mudha kudu bisa ngetrapake piwulang iki supaya ing dina tembe bisa dadi pawongan kang nduwe drajat dhuwur. Pawongan kang tliti nalika nindakake utawa nandangi samubarang bakal kasil anggane makarya. Kaya unen-unen Jawa “setiti, nastiti, ngati-ati”. Tembung kasebut nduweni maksud supaya wong Jawa kudu nduweni sipat titi sajrone uripe. Setiti, nastiti, ngati-ati nalika nindakake samubarang supaya bisa dadi pawongan kang sukses donya lan akerat.

3) Tatag

Tatag nduweni maksud supaya para mudha tansah wani (kendel) lan nduwe sipat tanggungjawab. Miturut Sudaryanto (2001:1000) tatag ateges kahanane wong kang ora nduwe rasa uwas sumelang. Andharane Sudaryanto cundhuk klawan pethikan wawncara kang ditindakake dening Pak Rahadi kaya ing ngisor iki.

“Manungsa urip kuwi kudu nduweni sifat tatag. Tatag tegese kudu wani lan kendel. Wani ing kene dudu wani sing salah, nanging wani sing pener. Ora oleh jereh, wedi, lan isinan. Kaya sing diomongne Mbahku, Eyang kuwi wong sing kendel. Kendel marang samubarang sing ora ana wujud. Saengga dheweke bisa dadi pawongan sing sekti lan pinter. Patih kepengin masyarakate nduweni sikap kendel, apa maneh pawongan cilik. Kudu kendel marang panggedhe yen dheweke pancen ora nduwe kaluputan. Tatag ya bisa ditegesi sipat sabar lan nriman. Sabar ngadhapi pacoban urip. (Pak Rahadi, Jumat 10 Juli 2015)”.

Saka pethikan wawancara ing ndhuwur bisa didudut yen tatag kang dikarepake dening Patih Djodigdo yaiku sipat kendel, wani, lan nriman. Sipat iki mligine ditujokake marang pawongan cilik kang katindhes dening panggedhe. Pawongan sing tatag ateges pawongan kang kebal atine senajan nandang lelara kaya ngapa. Pawongan kasebut bisa *tabah* amarga percaya marang kersane Gusti Pangeran. Kabeh masalah kang ana bakal bisa rampung amarga saka kersane Gusti, kuwi sing dadi kunci pawongan kang nduweni sipat tatag.

4) Titis

Titis ateges pamikiran lanthip saengga tumindak apa wae sing ditindakake kalaksanan kanthi tumata lan rijik. Titis yaiku pener panujune, kerep kenane, trep tembung lan karepe, (Sudaryanto,2001:1027).

“Titis *artinya tepat analisisnya*. Sing dikarepake manungsa kuwi kudu bisa ngira-ira. Ngira-ira endi sing bener tur pener lan endi sing salah. Yen wis isa ngira-ira, dheweke mesthi dadi manungsa sing becik. Patih Djodigdo uga kepingin nurunake piwulang iki marang anak turune. Patuh kepengin anak turune dadi panggedhe sing bisa ngayomi masyarakate. Dadi anak turune disangoni piwulang titis iki supaya bisa ngira-ira tumindake. (Pak Rahadi, Jumat 10 Juli 2015)”.

Saka andharane Pak Rahadi kasebut bisa dingerteni yen titis ateges pawongan kang nduweni sipat titis kasebut bisa kanthi gampang dipercaya marang wong liya. Pawongan kang titis anggane ngomong lan tumindak mesthi sarwa dipikir kanthi tenanan supaya ora nguciwani wong liya. Sapa wae kang nduweni pamikiran kang kaya mangkono bisa dadi pawongan kang sukses. Kaya dene Patih Djodigdo kang bisa nindakake laku iki bisa dadi panguwasa Blitar kang disegani. Para anak-putune uga bisa dadi pawongan kang pinter lan sukses.

5) Temen

Temen ateges para mudha kudu nduweni sipat setya lan gemi marang samubarang. Sudaryanto (2000:1007) ngandharake yen temen yaiku burus atine. Busur ing kene nduweni maksud pawongan kang atine becik, jujur, ora dhemen nyeyolong, ora dhemen ngapusi, lan sapiturute.

“Temen kuwi gemi, gemi marang sakabehe. Manungsa kang gemi mesthi becik atine. Temen sing dikarepake Patih yaiku manungsa kudu bisa *ngontrol* awake dhewe. Kudu bisa ngerem apa sing dikarepake. Yen manungsa bisa *ngontrol* awake, *selanjutnya dia bisa dipercaya* karo wong liya. (Pak Rahadi, Jumat 10 Juli 2015)”.

Andharan kasebut bisa ditegesi pawongan kang nduweni sipat temen uga bisa sinebut yen pawongan kuwi kang becik. Becik atine lan becik pamikiranane.

Sapa wae kang bisa nduweni sipat iki bakal dadi pawongan kang sukses, amarga dipercaya karo liyan, utamane kanggo para pamimpin. Pamimpin kuwi kudu bisa *ngontrol* awake, kudu bisa ngerem awake, saengga anggone nindakake tumindak bisa bener lan pener. Pamimpin kang nduweni sipat temen bakal dadi pamimpin kang disegani lan dikormati karo rakyat. Negara kang dipimpin uga bisa dadi negara kang dikormati dening negara liya.

6) Taberi

Taberi sing diakrepake Patih Djojodigdo marang anak turune lan masyarakatae kaya kang diandharake dening Pak Rahadi ing ngisor iki.

“Taberi ki sregep. Ora keset lan lumuh. Patih Djojodigdo ki ora seneng karo anake sing lumuh. Saben anake lumuh utawa *males*, panjenengane mesthi nggebleg anake, Mbak. Sing dikarepne Patih ki manungsa aja sampek nduweni sipat lumuh. Yen lumuh, dheweke bakal dadi manungsa kang *gagal*. *Gagal* artine dheweke ora bisa dadi manungsa kang sukses. Kunci kasuksesan kuwi kudu sregep lan tlaten. (Pak Rahadi, Jumat 10 Juli 2015)”.

Saka andharane Pak Rahadi, bisa ditegesi yen taberi nduweni maksud supaya para mudha bisa sregep lan ora lumuh. Sregep anggone ngangsu kawruh, sregep anggone sinau, lan sapiturute. Para mudha mligine bocah sing wiwit cilik wis dilatih nduweni sipat taberi, mula nalika dewasa bisa dadi pawongan sing sukses. Babagan iki bisa dideleng saka panguripane Patih Djojodigdo. Nalika isih cilik dheweke wis urip rekasa adoh saka kulawargane, nanging amarga saka sipate sing taberi dheweke tlaten ngangsu kawruh bab pamarintahan. Mula saka kuwi, nalika diwasa dheweke bisa dadi pawongan kang sukses lan dikormati dening liyan. Para prajurit lan kulawargane bisa urip kanthi kacakupan lan ora kakurangan sandhang pangan. sipat kang kaya mangkono kudu dituladhani supaya ing dina tembe bisa dadi pawongan kang ayem lan tentrem uripe.

7) Tlaten

Tlaten nduweni maksud kaanane tumindak kang sarwa ngati-ati, sabar, lan taberi, (Sudaryanto, 2001:1028). Saka andharan kasebut, bisa didudut yen tlaten sejatine saemper kawo sipat taberi. Nanging tlaten luwih nengenake sipat sabar lan ngati-ati nalika nindakake samubarang. Pawongan kang sarwa sabar bakal antuk asil kang apik lan padha karo sing dikarepake. Babagan iki cundhuk klawan andharane Pak Rahadi kaya ing ngisor iki.

“Tlaten kuwi sabar. Piwulang iki karepe supaya manungsa kuwi nduweni sipat ora gampang grusa-grusu. Patih kuwi pawongan sing sabar mbak, sabar nalika ngadhepi masalah lan mecahne masalah. Sapa wae sing nduweni sifat tlaten iki bakal ayem uripe. Eyang Patih ya ngono, panjenengane tlaten nalika ndhidhik lan

nglatih anak putune. Asile, saiki anak putune dadi manungsa sing sukses lan mulya uripe Mbak.” (Pak Rahadi, Jumat 10 Juli 2015)”.

Saka pethikan wawancara ing ndhuwur bisa dimangerteni yen sipat tlaten kuwi bisa ngasilake paedah kang gedhe. Paedah kasebut bakal kaundhuh ing dina tembe. Babagan iki kabuktekake saka anak turune Patih Djojodigdo kang panguripane mulya. Panguripan kang kaya mangkono kuwi minangka asil saka tlatene Patih Djojodigdo nalika ndhidhik anak turune. Saka kedadeyan iki, kaajab masyarakat bisa nuladhani tumindake Patih Djojodigdo. Tlaten minangka perangan pungkasan saka piwulang *Ta Pitu* kang diwarisake dening Patih Djojodigdo, dikarepake bisa ndadekake masyarakat tansaya makmur lan tentrem panguripane.

Piwulang *Ta Pitu* kasebut yen ditindakake bakal ndadekake manungsa kuwi tansah dadi manungsa sing apik lan bejo. Piwulang iki uga bisa ditindakake dening sapa wae sing kepingin dadi pawongan kang luwih becik ing dinten tembe.

Fungsi LPPD Tumrap Masyarakat Panyengkuyunge

1) Minangka Sarana utawa Papan kanggo Ngalab Berkah

Fungsi LPPD iki ana sesambungane klawan makam Patih Djojodigdo. Makame Patih Djojodigdo kuwi nganti seprene isih kerep ditekani dening pawongan kang kepingin ziarah lan ngalab berkah. Pawongan kasebut teka lan nyekar ing makam amarga ngerti sapa sejatine Patih Djojodigdo. Babagan kasebut cundhuk klawan pethikan wawancara ing ngisor iki.

“Pesanggrahan iki ya akeh sing nekani mbak, niate ziarah ya maneka warna. Peziarah ki niatae ya kadang kala apik, kadang kala ya ora apik mbak. Kayata njaluk pesugihan, njaluk munggah pangkat, njaluk rujuk karo sisihane, njaluk waras saka larane, lan sapiturute. Para peziarahe ya teka ngendi-ngendi, ana sing saka Blitar kene wae, Surabaya, Bali, Medura, Jakarta, Kalimantan, Semarang, Solo. (Mbah Ramiati, Senin 27 April 2015)”.

Saka pethikan wawancara ing ndhuwur dingerteni yen fungsine LPPD tumrap bebrayan yaiku kanggo ngalab berkah. Wong sing teka ing makame Patih Djojodigdo saliyane nyekar, ndongakake arwahe Patih Djojodigdo, kadang kala uga nduweni tujuwan liya yaiku kanggo ngalab berkah utawa kanggo antuk kaberkahan. Bab iki ditindakake dening pawongan sing percaya marang kasektene Patih Djojodigdo sing minangka panguwasane Kepanjenkidul. Masyarakat percaya yen panjaluke kuwi bakal kabul lan kasembadan. Salah sawijine kasektene Patih Djojodigdo nalika isih sugeng kayata nduweni ajian Pancasona. Ajian kasebut bisa ndadekake sapa wae sing nduweni ora bisa tinggal donya yen ngambah lemah. Saka kasekten kasebut mula akeh pawongan kang

merguru marang Patih Djojodigdo. Kasekten Ajian Pancasona kuwi diantuki saka laku tirakat nalika meguru marang Eyang Djugo kang minangka guru spirituale Patih. Mula saka kuwi, tumindake Patih kang laku tirakat kasebut ndadekake masyarakat percaya yen nduweni pepinginan lan panjalukan ing makam bakal kasembadan.

2) Minangka Piranti Pangesahan Pranata-Pranata

Fungsi folklor minangka piranti kanggo pangesahan pranata-pranata kalebu perangan sing wigati tumrap masyarakat panyengkuyunge. Pranata-pranata utawa aturan kasebut ana wiwit jaman biyen, saengga masyarakat ing jaman saiki amung nuruti wae. Pranata-pranata kang ana sajrone LPPD iki tansah diugemi dening masyarakat sakupenge pesanggrahan, amarga saka anane rasa kurmat marang sesepuh desa yaiku Patih Djojodigdo. Pranata kang ana sajrone LPPD salah sawijine yaiku tanggal kang wis ditemtokake kanggo adicara Haul Patih Djojodigdo. Babagan iki bisa dideleng saka pethikan wawancara kang diandharake dening Mbah Ramiati kaya dene ing ngisor iki.

“Tanggal kanggo nindakake slametan iki malem 1 ruwah mbak. Iki ora kena diganti tanggal liya. Acara iki wis ditindakake wiwit mbiyen mbak, nganti saiki. Istilahe wis turun temurun. (Mbah Ramiati, Senin 27 April 2015)”.

Saka pethikan wawancara ing ndhuwur bisa didudut menawa pranata-pranata kapisan yaiku tanggal nalika nindakake slametan Haul Patih Djojodigdo. Tanggal kasebut wis ditemokake dening sesepuh Kelurahan Kepanjenkidul ing jaman biyen. Pranata iki tansah diugemi dening anak putune Patih lan masyarakat Kelurahan Kepanjenkidul. Anak turune Patih Djojodigdo uga ora kepingin nerak aturan ngenani slametan kasebut amarga percaya marang bebendu kang bakal dumadi yen nerak pranata kasebut. Slametan kuwi ditindakake dening anak putune Patih Djojodigdo lan masyarakat wiwit jaman biyen nganti saiki. Tanggal slametan kuwi uga cundhuk klawan sasi ninggale Patih yaiku ing tanggal 1 sasi ruwah. Mula saka kuwi, tanggal slametan Haul Patih Djojodigdo dianakake ing tanggal 1 sasi ruwah. Saliyane pranata kasebut, uga ana pranata liyane kang cundhuk klawan babagan slametan Haul Patih Djojodigdo. Pranata kasebut ana sajrone ubarampe kang kudu cumepak nalika adicara Haul Patih Djojodigdo. Babagan iki bisa dideleng saka pethikan wawancara iki.

“Ubarampene ya biyasa kaya slametan ngono kae, nanging sing penting ki wajib ana ingkung pitik jawa utuh ora oleh dipeceli mbak. Panggenane slametan iki ya kudu ing omahe Eyang. (Mbah Lasiman, Slasa 28 April 2015)”.

Pethikan wawancara ing ndhuwur nuduhake menawa pranata sajrone slametan Haul Patih Djojodigdo kaping pindho yaiku ngenani ubarampe slametan. Ubarampe sing wajib ana nalika slametan yaiku iwak ingkung Jawa sing utuh lan ora oleh

dipeceli. Miturut Mbah Man, anane ingkung Jawa iki yaiku kanggo nyucekake dhiri masyarakat ing sakupenge pesanggrahan. Inkung Jawa kuwi mujudake samubarang sing dibanda lan direkasa. Lumantar ingkung Jawa dikarepake dosa-dosa nalika ing donya diampuni dening Gusti Pangeran. Cundhuk klawan andharane Mbah Lasiman yen ingkung minangka sarana kanggo nyucekake dhiri, Pak Abdullah uga ngandharake yen ingkung minangka kaca benggane pawongan kakung supaya ora tumindak kaya dene pitik jago kang sabanjure didadekake ingkung.

3) Minangka Piranti Panggulawenthah Anak utawa Para Mudha

Pendhidhikan minangka bab kang paling wigati sing kudu diduweni saben pawongan. Kanthi mangkono, pawongan kasebut nduweni hak kanggo oleh pendhidhikan. Pendhidhikan kuwi sumbere maneka warna, salah sawijine yaiku saka crita sesepuh utawa pawongan sing ana ing dhaerah tartamtu. Pawongan sing aweh pendhidhikan ora kaiket dening status sosial lan pakaryan, saengga sapa wae bisa aweh piwulang tumrap para mudha. Salah sawijine sumber pendhidhikan kang asale saka crita yaiku crita ngenani LPPD iki. Crita iki ngandhut sawijine bab pendhidhikan sing wigati tumrap bocah cilik lan para mudha. Bab kasebut cundhuk klawan pethikan wawancara ing ngisor iki.

“Patih Djojodigdo nduwe nasehat marang anak putune lan masyarakat mbak, yaiku *Ta Pitu*. Nasehat iki isine laku tata, titi, tatag, titis, temen, taberi, tlaten. Nasehat kuwi minangka piwulang sing ditularake Patih marang anake mbak. Pawongan sing bisa nglampahi laku kuwi, bakal dadi manungsa sing sae mbak. (Mbah Ramiati, Senin 27 April 2015)”.

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen crita LPPD iki nduweni perangan pendhidhikan kang wigati tumrap para mudha. Saka pethikan kuwi uga bisa didudut menawa fungsi LPPD kanggo ndhidhik anak utawa para generasi mudha iki yaiku supaya para mudha tansah ngugemi lan nindakake laku *Ta Pitu* yaiku tata, titi, tatag, titis, temen, taberi, tlaten. Tata ateges ngerti aturan lan tata krama. Nasehat iki nuntun para mudha supaya tansah ngurmati aturan kang ana ing masyarakat, kudu ngerti tata krama lan sopan santun. Titi nduweni maksud supaya para mudha kudu tansah tliti nalika nindakake samubarang lan ora oleh grusa-grusu. Tatag nduweni maksud supaya para mudha tansah wani lan nduwe sipat tanggungjawab. Titis ateges pamikiranane lantip saengga tumindak apa wae sing ditindakake kalaksanan kanthi tumata lan rijik. Temen ateges para mudha kudu nduweni sipat setya lan gemi marang samubarang. Taberi nduweni maksud supaya para mudha bisa sregep lan ora lumuh. Bocah sing wiwit cilik wis nduwe sipat taberi, mula nalika dewasa bisa dadi pawongan sing sukses. Lan pungkasan yaiku tlaten, tlaten ateges para mudha kudu sabar lan istiqomah. Piwulang *Ta Pitu* kuwi yen

ditindakake bakal ndadekake manungsa kuwi tansaya dadi manungsa sing apik lan bejo. Piwulang iki uga bisa ditindakake dening sapa wae sing kepingin dadi pawongan kang luwih becik ing dinten tembe.

4) Minangka Piranti kanggo Ngawasi Supaya Norma iku Tansah Dituruti dening Masyarakat

Manungsa kang urip ing alam donya iki mesthi wae kaiket dening sawijine aturan. Aturan kuwi ngiket manungsa supaya tansah manut lan taat. Sawijine aturan kang ana ing satengahing masyarakat biyasane bisa ndadekake masyarakat kasebut tansah tumata. Aturan kang ana ing masyarakat maneka warna wujud, salah sawijine yaiku wujud crita LPPD kang ana ing Kelurahan Kepanjenkidul. Crita iki ngiket masyarakat supaya tansah ngugemi aturan kang ana ing sanjerone saengga ora bisa tumindak sakarepe dhewe. Fungsi LPPD minangka piranti kanggo ngawasi supaya norma iku tansah dituruti bisa dideleng saka pethikan wawancara iki.

“Aturan kanggo wong sing ngalab berkah utawa njaluk pesugihan ora oleh mbakar dupa mbak, kudu nggawa kembang telon wangi lan endhog Jawa dideleh ing takir. Yen aturan kuwi dilanggar mesthi wae ana kedadeyan sing ala, kayata wong kesurupan mbak. (Mbah Lasiman, Slasa 28 April 2015)”.

Saka pethikan wawancara ing ndhuwur bisa didudut yen nalika ziarah ing pesareyane Patih Djojodigdo kuwi ana sawijine aturan kang kudu dituruti dening masyarakat, yaiku nalika nyekar sandhal utawa sepatu kudu dicepot, nalika ngalab berkah ora oleh mbakar dupa lan kudu nggawa kembang telon wangi, endhog Jawa sing diwadahi takir. Babagan kasebut yen ora ditindakake lan ora dituruti bakal nuwuhake sawijine kedadeyan sing ala. Aturan kang ana kasebut ngiket masyarakat supaya manut marang aturan kang wis ana ing masyarakat. Kedadeyan kayata ananae wong kesurupan nalika ngalab berkah ing pesanggrahan kuwi dumadi amarga saka anane aturan kasebut ora dituruti dening masyarakat. Akibat-akibat kasebut ndadekake masyarakat tansaya manut marang aturan kang wis ana. Saliyane pethikan kasebut, uga ana pethikan liyane kang nuduhake yen fungsi LPPD iki minangka sarana kanggo ngawasi supaya norma utawa aturan kasebut tansah dituruti.

5) Minangka Piranti kanggo Menehi Sangsi Sosial utawa Paukuman.

Fungsi LPPD kaping lima yaiku ana gandheng cenenge klawan tumindake masyarakat ing pesanggrahan. Fungsine yaiku minangka piranti kanggo menehi sangsi sosial utawa paukuman. Wujud sangsi sosial utawa paukuman kasebut bisa dideleng saka pethikan wawancara iki.

“Kaya wong kidul kali kana mbak, tau nyolong pager wesi sisih wetan kae. Bengine wong lumpuh mbak ora isa nyapo-nyapo. Nganti njaluk sepura menyang Eyang nanging ora disepurani lan saiki wong wis tilar donya

mbak.(Mbah Lasiman, Slasa 28 April 2015)”.

Saka pethikan wawancara ing ndhuwur bisa didudut yen fungsi LPPD iki minangka piranti kanggo menehi sangsi sosial marang masyarakat. Salah sawijine sangsi sosial kasebut yaiku nalika ana pawongan sing dawa tangane kanthi cara kumawani njupuk pager wesi pesareyan Patih Djojodigdo oleh piwales saka tumindake kasebut. Dheweke ngalami lelara yaiku awake lumpuh lan nganti dheweke tilar donya. Senajan dheweke wis njaluk sepura marang Patih Djojodigdo, nanging dheweke ora disepurani dening Eyang Patih. Tumindak ala kasebut ditindakake dening masyarakat Blitar sing ora percaya marang kasektene Patih Djojodigdo lan kawingitane Pesanggrahan Patih Djojodigdo. Pawongan sing kumawani njupuk barang kang dudu duweke kasebut minangka pawongan kang ora bisa nyukuri kanugrahane Gusti. Dheweke ngrumangsa uripe iki sarwa kakurangan, saengga nindakake tumindak kang kaya mangkono. Sapa wae kang nindakake tumindak kang ala kaya dene pawongan kasebut, mula bakal oleh paukuman saka Gusti Pangeran. Paukuman kasebut bisa lumantar sapa wae lan ing ngendi wae. Salah sijine yaiku lumantar kasektene Patih Djojodigdo kasebut. Saliyane andharan kasebut, uga ana pethikan wawancara kang diandharake dening Mbah Ramiasi kang nyengkuyung anane fungsi LPPD minangka piranti kanggo menehi sangsi sosial utawa paukuman.

6) Minangka Sarana kanggo Menehi Panglipur kang Nyenengake

Fungsi LPPD kang pungkasan yaiku minangka sarana kanggo menehi panglipur kang nyenengake utawa kanggo sarana *hiburan*. Fungsi iki nduweni sesambungan klawan masyarakat Kepanjenkidul mligine lan masyarakat Kutha Blitar umume. Saben setaun kaping pindhho, yaiku nalika tanggal 1 ruwah mengeti Haul Patih Djojodigdo lan Dina Pahargyane Kelurahan Kepanjenkidul kang ditindakake slametan ing makam Patih Djojodigdo. Salah sawijine yaiku nalika adicara Haul Patih kang ditindakake saben tanggal 1 ruwah. Babagan iki bisa dideleng pethikan wawancara kang ditindakake dening Mbah Lasiman kaya ing ngisor iki.

“Nalika Haul kathah masyarakat sing nonton lan ndherek mlebu ing makame Eyang. Bocah cilik, wong sepuh ya uakeh mbak. Kula nggih remen mbak, amargi masyarakat Kepanjenkidul ugi ndukung adicara Haul menika. Ananging kula nggih radi sedhih, nalika wong-wong mlebu akeh makam sing dipideg-pideg. (Mbah Lasiman, Slasa 28 April 2015)”.

Saka gambar ing ndhuwur lan pethikan wawancara kang ditindakake dening Mbah Lasiman, mula bisa didudut yen adicara Haul Patih Djojodigdo kasebut didadekake sarana panglipur kang nyenengake tumrap masyarakat Kepanjenkidul mligine lan masyarakat Kutha Blitar umume. Adicara Haul Patih Djojodigdo kang ditindakake saben tanggal 1 ruwah iki

didadekake sarana hiburan tumrap masyarakat Kepanjenkidul lan sakiwatengene. Akeh masyarakat kang melu mlebu ing pesareyan Patih Djojodigdo, wiwit saka bocah cilik nganti wong tuwa. Kahanan sajrone pesareyan Patih djojodigdo uga kebak pawongan kang kepingin weruh adicara nyekare Pak Lurah lan juru kunci. Adicara kasebut uga didhokumentasikake lumantar rekaman *video* kang ditindakake dening yayasan Djojodigdan. Tujuwan saka anane dhokumentasi kasebut supaya dadi sarana pangeling-eling ing dina tembe lan supaya para generasi mudha bisa meruhi uga bisa nglestarekake adicara Haul Patih kasebut.

Makna Simbolis kang Kinandhut sajrone LPPD Tata Tumindak Simbolis sajrone Kapitayan

Masyarakat Jawa kang percaya marang samubarang utawa ngugemi sawijining samubarang kasebut nuduhake sawijine pangabektene masyarakat marang para leluhur. Tumindake masyarakat Jawa kasebut nuduhake sawijining makna kang adiluhung. Makna kang kinandhut sajrone samubarang kasebut minangka sawijining piranti kanggo ngontrol tumindake masyarakat. Babagan ngenani makna simbolis sajrone kapitayane masyarakat bisa dideleng saka andharan iki.

1) Ingkung

Ingkung yaiku pitik kang wis dibeleh dening Pak Kyai, diolah lan dimasak banjur digawe salah sawijine sesajen kanggo adicara Haul Patih djojodigdo. Dening bebrayan Jawa, tembung “ingkung” minangka pralambang manungsa kang dibanda utawa ditaleni. Pralambang kasebut bisa ditegesi yen manungsa kang urip ing alam donya kudu pasrah marang Gusti Pangeran. Ingkung sing digunakake kanggo adicara Haul Patih Djojodigdo iki yaiku pitik Jago.

2) Cok Bakal

Cok bakal yaiku ubarape kang wajib ana nalika nindakake adicara Haul Patih Djojodigdo. Cok bakal minangka wujud sesembahan utama kanggo roh kang mbaureksa ing Pesanggrahan Patih Djojodigdo. Cok bakal kuwi wujud diwadhahi takir saka godhong gedhang kang pinggire dibitingi nggunakake biting saka sapu sada. Cok bakal kang digunakake nalika adicara Haul Patih Djojodigdo isine yaiku endhog pitik Jawa, suruh lintingan, kembang setaman, pala gumantung, lan pala pendhem. Cok bakal kasebut minangka ubarampe kang wigati baget kanggo kalancaran lan kasuksesane sawijine adicara kayata adicara Haul Patih Djojodigdo.

3) Segu Gurih

Segu gurih minangka ubarampe kang wajib ana nalika gendurenan ing adicara Haul Patih Djojodigdo. Segu gurih arupa sega putih kang wis dimasak karo uyah lan santen supaya rasane gurih. Segu gurih uga sinebut sega wuduk utawa sega wudlu. Ubarampe iki mujudake sawijine pralambang kanggo ngirim donga marang Nabi Muhammad. Ubarampe iki diwajibake amarga masyarakat percaya yen ing jaman biyen, Nabi Muhammad dipercaya mangan sega suci utawa sega wudlu.

Simbol Idhentitas Dhaerah

Simbol minangka tandha saka sawijine dhaerah kang nduweni piguna supaya masyarakat njaba bisa ngerteni apa sing dadi titikan dhaerah kasebut. Saliyane kuwi Pesanggrahan Patih Djojodigdo minangka papan panggenan kanggo nyawijikake masyarakat panyengkuyunge crita LPPD. Babagan iki bisa dideleng saka andharan ing ngisor iki.

1) Pesanggrahan Patih Djojodigdo

PPD minangka simbol kanggo nyawijikake masyarakat Kelurahan Kepanjenkidul lan kulawargane Patih Djojodigdo kang nyengkuyung LPPD. PPD iki nduweni makna minangka sawijine papan panggenan kanggo nglumpuke para panggedhe kutha Blitar nalika adicara Haul Patih Djojodigdo. Saliyane kuwi, pesanggrahan iki uga dadi papan panggenan kanggo ziarah yaiku ing makam Patih Djojodigdo. PPD uga minangka sawijine papan panggenan kang maedahi tumrap kutha Blitar, yaiku nduweni fungsi kanggo narik para wisatawan saka dhaerah liya.

PANUTUP

Dudutan

Adhedasar Dhata kang wis dikumpulake lan diandharake ing bab sadurunge, mula bisa didudut asiling panliten. Dudutan ngenani asiling panliten iki mujudake sawijining bab kang wigati banget lan cundhuk klawan tujuwan nindakake panliten. Dudutan kang bisa diandharake, yaiku kaya andharan iki.

Mula bukane crita LPPD miturut para bebrayan ing Kelurahan Kepanjenkidul ana wiwit jaman Walanda. Legendha iki nyritakake ngenani paraga Bawadiman kang minangka anak turune RMT. Kartodiwirjo sing ora liya Bupati Kulonprogo. Bawadiman diwenehi ajian pancasona kang diwenehi dening Eyang Djugo, sing gunane yaiku dheweke ora bisa tilar donya yen ngambah lemah. Amarga saka kapinteran lan kasektene, ing Blitar sisih kidul dheweke bisa ngalahake para penjajah lan nggawe bangsa Walanda kocar-kacir.

Bawadiman diangkat dadi patih Blitar kanthi asma RM. Bawadiman Djojodigdo. Bawadiman uga minangka pawongan kang mabad alas jati kanggo madegake sawijine padesan ing Kutha Blitar yaiku Kepanjenkidul. Patih Djojodigdo uga ngedegake omah kanggo kulawargane urip yaiku diwenehi aran Pasanggrahan Patih djojodigdo. Jaman biyen pesanggrahan iki didadekake sawijine papan panggenan kanggo para mudha ngangsu kawruh bab kapemimpinan.

Fungsi kang kinandhut sajrone Legendha Pasanggrahan Patih Djojodigdo iki andhedhasar panemune Malinowski, William R. Bascom, lan Alan Dundes yaiku, (1) kanggo nyukupi kabutuhan naluri manungsa minangka sistem proyeksi (*projective system*), (2) minangka piranti pangesahan pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, (3) minangka piranti panggulawenthah anak utawa para mudha, (4) minangka piranti kanggo ngawasi supaya norma iku tansah dituruti dening masyarakat, (5) minangka piranti kanggo menahi sangsi sosial utawa pakuman.

LPPD iki uga ngandhut sawijine piguna tumpram masyarakat panyengkuyunge. Piguna tumpram masyarakat kuwi uga sinebut nilai budaya. Nilai kabudayan kang kinandhut sajrone legendha PPD iki nganut teori saka Djarmaris, yaiku merang nilai budaya dadi limang perangan kang ana gegayutane klawan manungsa. Nilai budaya kang ana sajrone LPPD yaiku, nilai kapitayan percaya marang samubarang, tresna marang lingkungan, manungsa kudu tansah ngajeni wong kang luwih tuwa, manungsa kudu nduweni sikap welas asih, manungsa kudu nduweni sikap tulung tinulung, manungsa kudu nduweni sikap cerdhik, manungsa kudu nduweni sikap nriman.

Pasanggrahan Patih Djojodigdo kang ana ing Kutah Blitar iki ngandhut samubarang kang nduweni makna. Makna simbol kang ana sajrone LPPD iki ditinggi nggunakake panemune Herusatoto lan Kuntowijoyo. Makna simbol kasebut ana ing ubarampe lan sesaji kang wajib ana nalika adicara Haul Patih Djojodigdo saben tanggal 1 ruwah. Makna simbol kasebut uga ngiket masyarakat panyengkuyunge supaya ngugemi lan nguri-uri tradhisi kang ana.

Nganut teorine Kuntowijoyo yaiku simbol minangka sakabehing samubarang kang njangkebi makna lan komunitas kayata tembung, basa, lelagon, mite, seni, upacara, tatalaku, barang, konsep, lan sapanunggalane. Pasanggrahan kang arupa barang uga mujudake sawijine pralambang. Pasanggrahan Patih Djojodigdo iki nglambangake idhentitas dhaerah. Pasanggrahan Patih djojodigdo minangka papan panggenan kanggo nyawijikake masyarakat panyengkuyunge crita LPPD, wiwit saka panggrshe pamarintahan nganti tumekaning *rakyat* cilik.

Pamrayoga

Kanthi nganalisis sawijine crita prosa rakyat kang awujud legendha, panliten iki dikarepake bisa dadi patuladhan marang panliti liyane kang uga nliiti babagan kang saemper. Babagan kang migunani saka isi crita legendha iki dikarepake bisa ndadekake masyarakat tansah nguri-uri lan tresna marang sawijine kabudayan. Kabudayan kang ana ing masyarakat bisa ndadekake masyarakat panyengkuyunge nduweni pamawas kang jembar. Saka pamawas kang jembar kasebut bisa ndadekake bangsa Indonesia dadi bangsa kang tansah ngrembaka.

Panliten ngenani Legendha Pasanggrahan Patih Djojodigdo minangka sarana kanggo nguri-uri sawijine kabudayan kang ana ing Kutha Blitar, mula panliti nduweni pangarep-arep supaya isih ana kang nganakake panliten babagan legendha sarta aweh panyengkuyung tumrap lumakune kabudayan Jawa ing satengahing masyarakat jaman modern.

KAPUSTAKAN

- Afiffudin dan Beni Ahmad. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitataif*. Bandung: CV pustaka Setia
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip Dongeng dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Grafiti

- Djarmaris, Edward. 1993. *Nilai Budaya dalam Beberapa Karya Sastra Daerah di Sumatra*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Endraswara, Suwardi. 2010. *Folklor Jawa, Bentuk, Macam, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan*. Surabaya: Hiski
- Herusatoto, Budiono. 2003. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia
- Koentjaraningrat. 1985. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Balai Pustaka
- _____. 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- _____. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Balai Pustaka
- _____. 2005. *Pengantar Antropologi Pokok-Pokok Etnografi II*. Jakarta: Rineka Cipta
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT. Tiara Wicana
- Meiviana, Astri. 2012. *Legendha Putri Ngerit ing Desa Senden Kecamatan Kampak Kabupaten Trenggalek (Tintingan Folklor)*. Surabaya: Ora Kapacak
- Moleong, Lexy J. 2014. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya
- Poerbatjaraka, W.J.S. 1939. *Kamus Baoesastra Djawa*. Jakarta: Pangecepan J. B. Wolters
- Purporsi, Dewi. 2011. *Mitos dalam kajian Sastra Lisan*. Malang: Pustaka Kaiwara
- Soejono dan Abdurahman H. 1997. *Metode Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta
- Sudaryanto. 1998. *Metode Linguistik (Bagian Pertama: Ke Arah Memahami Metode Linguistik)*. Cetakan ke 2. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Sudaryanto (Ed). 2011. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badab Pekerja Kongres Bahasa Jawa
- Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana
- _____. 2013. *Kearifan Budaya Lokal*. Sidoarjo: Damar Ilmu
- _____. 2014. *Penelitian Sastra Lisan*. Lamongan: Pustaka Ilalang
- Tim ISBD Unesa. 2005. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Unesa university Press
- Zulfahnur. 2007. *Teori sastra*. Jakarta: Universitas Terbuka Departemen Pendidikan Nasional